Адыгэхэр ижь-ижьыж лъандэрэ щыпсэуа лъахэм мазаем и 23-м щиухащ ЩІымахуэ Олимп Джэгухэр

Биатлоныр фІыуэ зылъагъуэр икъукІэ щыгуфІыкІащ Волков Алексей, Устюгов Евгений, Шипулин Антон, Малышкэ Дмитрий сымэ я дыщэ медалхэмэ.



Олимпиадэм тІуныйрэ и чемпион хъуа фигуристхэу Волосожар Татьянэрэ Траньков Максимрэ я къафэхэми мелуанхэр ятхьэкъуат.

Бобслеистхэу Зубков Александр, Негодайлэ Алексей, Труненков Дмитрий, Воеводэ Алексей сыми къэралым дыщэ медалхэр кьыхуахьащ.

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№34 (22.692) • 2014 гъэм мазаем (февралым) и 25, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр соми 3-щ • adyghe@mail.ru adyghejsale.ru

ФІыкІэ, Сочэ-2014! ФІэхъус, Пхёнчхан-2018!

Адыгэхэм ди лъапсэжь Сочэ и Іэгъуэблагъэм щыуухащ XXII ЩІымахуэ Олимп Джэгуэр. Махуэ пшыкІуфІкІэ дуней псор зыпхъэкъуэгуэ щыта зэхьэзэхуэхэр вэсэтыжь, гуфІэгъуэ щытыкІэм яту, «Фышт» стадионым щызэхуащІыжащ.

Олимп мафІэр мыщэм егъэункІыфІ

XXII ЩІымахуэ Олимп Джэгуэхэр зэриухам и щыхьэту абы и мафІэ нэхъыщхьэр ягъэункІыфІыжащ. Зэхьэзэхуэхэр зэрызэхуащІыжыр дэтхэнэми гукъинэж щыхьун папшІэ ар кьызэшыгъэпэщащэр я къару еблэжакъым. «Фышт» стадионым кьекІуэлІа, телевизоркІэ а Іуэхугъуэм кІэльыпльа щІыху мелуанхэм дэрэжэгъуэ кьезыта теплъэгъуэ тельыджэхэр, уафэр зэщІэзыгъэна хьэрэкІытІэ зэмыфэгъуэхэр, спортсмен, артист, политик щІэрыІуэхэр...

Ильэс 34-рэ и пэкІэ ди къэралым щекІуэкІа Олимпиадэ-1980-м пэджжьырт Сочэ-2014-р. Абы щыгъуэми хуэдэу, Олимп Джэгуэхэм я нагъыщэ нэхъыщхьэм ящыщ зыр мыщэ шырт. «Фышт» стадионым и курыкупсэм щагъэува мафІэ щІыкІуам ар епщэри, Олимп паркым иужьрей махуэхэм щхьэщыта мафІэ нэхъыщхьэр игъэункІыфІащ. Абы иужькІэ, и «адэщхуэ» Мишки хуэдэу, и нэпсхэр къыфІекІуащ, ар зи нэгу щІэкІаХэм ящыщ куэдми я гур къызэфІигъанэу. АдэкІэ щІымахуэ олимп эстафетэр Кореем и Пхёнчхан къаІэм кьипхьуэтащ.

Зэи димыІа екъулІэныгъэ

Сочэ и Іэгъуэблагъэм щекІуэкІа зэхьэзэхуэхэм зэи къэмыхъуа екъулІэныгъэ Урысей Федерацэм кьыхуихьащ. Олимпиадэм кьыщахьа медалхэмкІэ официальныгъэ щымыт гупхэм я зэпеуэм зыри лъэщІэмыхьэжьыну бжьыпэр щызыубыдауэ къащыхьуа Норвегием и командэ кьыхэхам дыдейхэр иужьрей махуитІым щхьэпрыкІыжащ, лыжэхэм тету километр 50-р кьызэнэкІынымкІэ Легков Александр зэрыщытекІуам и фІыгъэкІэ. Зубков Александр и жипжьыр бобслеистхэм я зэхьэзэхуэм псоми япэ зэрыщищам ди пашэныгъэр щІигъэбыдэжащ. Аратти, зэи къэмыхъуауэ, Урысей Федерацэм Олимпиадэ хужьым псори зэхэту медаль 33-рэ кьыщихьащ: 13-р - дыщэу, 11-р - дыжьыну, 9-р - жэзу. 1994 гъэм Лиллехаммер щиІа екъулІэныгъэм арефІэкІыжащ.

Псалъэм кьыдэкІуэу кьыхэдгъэщынци, Олимпиадэр щекІуэкІа къэралыгъуэр официальныгъэ щымыт гуп зэпеуэм еплІанэу щытекІуэу аращ. Нэхъапэм ар кьызэхьулІар Америкэм и Штат Зэгуэтхэрщ (1932 гъэ), Норвегиерщ (1952), Канадэрщ (2010).

Хьэлэмэтраци, СССР къэралыгъэщхэуэ утыку щихьахэми мы екъулІэныгъэрефІэкІыжащ. 1988 гъэм Калгари совет командэм (иужь дыдэу), зэи къэмыхъуауэ, медаль 29-рэ кьыщихьат (11-р - дыщэу, 9-р - дыжьыну, 9-р - жэзу). 1976 гъэм и закъуэт Совет Союзым дыщэ медаль 13 щыгъІэригъэхьэфари, а рекордри кьаГъэщІэрэщІэжащ.

(КІуэхыр 4-нэ нап.).

XXII ЩІымахуэ Олимп Джэгуэхэм кьыщахьа медалхэр

Япэ ища гупипщІым я кІэух таблицэ

Къэралыр	Дыщэу	Дыжьыну	Жэзу	Псори
1. Урысей Федерацэ	13	11	9	33
2. Норвегие	11	5	10	26
3. Канадэ	10	10	5	25
4. США	9	7	12	28
5. Голландие	8	7	9	24
6. Германие	8	6	5	19
7. Швейцарие	6	3	2	11
8. Белоруссие	5	0	1	6
9. Австрие	4	8	5	17
10. Франджы	4	4	7	15

Олимп Джэгуэхэр иухащ.
Сочэ, мазаем и 23

КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Юрий Хэкум и хъумакІуэм и махуэм теухуа гуфІэгъуэ дауэдапщэм хэтащ

Налшык къалэм щыІэ МафІэ мыуэжьыхьм и деж щекІуэкІа зэІушІэм къритхьэлІахэу зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм, депутатхэм, жыларгуэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэм захуигъаззэри, КІуэкІуэ Юрий жиІащ лъэхъэнэ зэмылІэужьыгъуэхэм Іэщэ яІыгъыу хэкур зыхьумахэм фІыщІэ ин зэрахуэфащэр.

Къэбэрдей-Балькъэрым щыщу цІыху мин 60-м щІигъу Хэку зауэшхэм хэтащ, абыхэм ящыщу мин 40-м кьагъэзэжакъым. Нэхъыкьхэм я щапхъэм тету, ди лъахэгъуу 1800-рэ Афганистаным щызэуащ икІи абыхэм ящыщу 55-рэ хэкІуэдащ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, кьыхигъэщхьэхукІащ КІуэкІуэ Юрий, иджырей лъэхъэнэми ди республикэм хэщІыныгъэхэр егъуэт. Хабзэхьумэ органхэм я лэжьакІуэхэр я псэм емыблэжу террориризмэмрэ экстремизмэмрэ щхьэмыгъаззэу ятхьэщІ икІи Хэкур, республикэр яхьумэ.

Лыгъэм, хахуагъэм, дэтхэнэ зы цІыхухъуми и къалэн лъапІэхэм ятеухуауэ щыташ Зауэм, Лэжьыгъэм, ІэщэкІэ ЗэщІэуэзэда Кьарухэм, хабзэхьумэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Налшык къалэ советым и тхьэмадэ **Абдуллаев Мустэфа**, КъБР-м и дзэ комиссар **Харламов Валерий** сымэ я псалъэхэри.

ПэкІум хэтахэм МафІэ мыуэжьыхьм и деж удэ гъэгъахэр щагъэтІылъащ икІи хэкІуэдахэм яхуэщыгъуащ.

А махуэ дыдэм пщыхьэщхьэр сыхьэт 20-м зауэ щыхьым и къалэ Налшык гуфІэгъуэ хьэрэкІытІэ щатащ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1ап1э.

Хабзэжьым хуокІуэж

УФ-м и Президент Путин Владимир Іэ щІидзащ Къэрал Думэм зэрыхах хабзэм зэхъуэкІыныгъэ хэзылъхьэ законым. Нэхъ тэмэму жыпІэмэ, къэралыр хабзэжьым (пропорционально-мажоритарнэ жыхуаІэм) хуэкІуэжащ. Апхуэдэ хэхыныгъэ кьызэгъэнэщыкІэр ди деж щызекІуащ 2005 гъэ щІэнэ.

Мазаем и 14-м Къэрал Думэм кьищта, махуитхуэдкІри Федерацэмкіэ Советыр арэзы зытехьуа законым зэрыщыгъэхуахьамкІэ, УФ-м и хабзэ-убзыху орган нэхъыщхьэм и депутатхэм я зэхуэдитІыр (щІыху 225-р) зы мандат хэхьапІэ округхэм щыхахыну, адрейхэм парт спискхэмкІэ Іхуэдэтыну арагъ дигъкІэ.

Дызэрыщыгъуаззэщи, хэхыныгъэхэм зи кандидатурэ кьыщызыгъэлъэгъуэну иджыри кьэс хуитар партхэрщ. Къэрал Думэм и ебланэ зэхуэгъэсыгъуэм и депутатхэр щыхахыну 2016 гъэм мандат зыІэрагъэхьэну Іэмал яІэнущ щІыху щхьхуэхэми. Нэхьапэми хуэдэу, апхуэдэ хуитыныгъэ яІэнущ процентитху гъунапкъэм ебэкъуа партхэм я лІыкІуэхэми. Политологхэм щызэрагъэтэмкІэ, законощІэр сэбэп хьунущ хэхакІуэхэм я бжьгъэр зэрыхъур кьэзыгъэтэнымкІи, къэралым щыщыІэ политикэ щытыкІэр нэхъ тэмэму кьэгъэлъэгъуа хьунымкІи.

Кандидатхэм хэхынигъэхэм трагъэкІуэдну мылькуми куэдкІэ хегъахьуэ хабзэщІэм: щІыхур зыхуиту щыта сом мелуани 6-р мелуан 15 хьуащ. Партым и фондым щыщу сом мелуан 700 нэхъро мынэхъыбэ, щІыналъэ кьудамэхэм - мелуан 15-м кьыщыщІэдзаэу мелуани 100-м нэс кьагъэсебэпыну хуит ещІ хабзэщІэм.

Къалэн нэхъыщхьэхэр кьыхегъэщ

Украинэм и Радэ нэхъыщхьэм и Іэтащхьэ Турчинов Александр зэрыжиІамкІэ, къэрал унафэр дяпэкІэ зыщІыщухэм къалэн нэхьыщхьэу зыхуагъэувыжхэм ящыщ я экономикэр гъэмэу зэтеухуэжьныр, Европэм нэхъ ныщІауэ щытыныр, Урысей Федерацэми гъэнэгъуфІ хуэдэу декІуэкІыныр.

Мы гъэм накьыгъэм и 25-м трауха уа мычэзу президент хэхыныгъэхэр зэфІэкІыху, Украинэм и президентым и кьалэнхэр пІалъэкІэ игъэзэщІэнущ Турчиновым. Я парламентым кьыщыщыпсальэм абы кьыхигъэщащ Украинэм и «бохъшэр» зэрынэщІыр, экономикэм и щытыкІэри икъукІэ зэрыхьэгъэр зэрыхъур кьэзыгъэтауэ, правительствэщІэм и пщэ кьалэнышхуэ кьыдохуэ Украинэр щыхупІэм кьыщхьэщыпыныр, улахуэхэр, пенсэхэмрэ стипендиехэмрэ я чэзум щІыхухэм ирату зэтеублэжыным, дэжьапІэ ІэнатІэхэр нэхьыбэ щыныр хуэунэтІауэ. А псор щытхузэфІекІынур щІыхухэм я дзыхьыр кьэдлэжьжьмэщ. Дыщогугъ хэхыныгъэхэм ар кьагъэлъэгъуэну», - жиІащ Турчиновым.



■Кувейт къэралыгъуэм и лъэпкъ махуэшхуэщ - щхьэхуит щыхьуар егъэлъапІэ

■Башкортостан Республикэм и къэрал ныпым и махуэщ

■1946 гъэм Дзэ Плъыжьыр Советыдзэу зэрахъуэкІащ.

■1999 гъэм Москва кьыщызэрагъэпэщащ Урысей автотранспорт зэгухьэныгъэр.

■Урыс флотым и адмирал, адыгэхэр кьызытепщІыкІыжа касогэхэм ящыщу **Ушаков Федор** кьызэралъхьурэ илъэс 269-рэ ирокъу.

■Тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБКъУ-м и ректору щыта **Бэрбэч ХьэтІутІэ** кьызэралъхьурэ илъэс 98-рэ ирокъу

■Филологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **КІуэкІуэ Джэмалдин** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокъу.

■Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу щыта (2009 - 2012 гъэхэм), ЩІДАА-м и академик, «Бум-Банк» ООО-м и унафэщІ **Ажахуэ Кьанщобий** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 2 - 3, жэщым градус 1 - 3 щыхьунущ.

Зыгъэхъэсыр **ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Мариэт.**

Лъэпкъ Іуащыгъэ:

Хьэ мыбанэ унэгъэунэхъущ.

Дуней псом республикэхэм

Іэтащхьэм къыбгъэдэкІ тыгъэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Хэкум и хъумакІуэм и махуэм ирихьэлІэу КъШР-м и Іэтащхьэм Ленинград блокадэр зи нэгу щІэкІа нэхъыжьыфІэкъм гулыитэ яхуигащ.***

ТЕМРЕЗОВ Рашид къыбгъэдэкІ фэеплъ саугъэтхэр абыхэм яІэригъэхьащ КъШР-м и ЩІыхубэ Зэхуэсым промышленностымкІэ, транспортымкІэ, зэпыщІэнигъэхэмрэ энергетикэмкІэ и комитетым и унафэщІ Кьэзанокъуэ Кьрым.

Депутатыр зэман бзаджэр зи нэгу щІэкІа блокадникхэм я хьэщІащ, республикэм и унафэщІхэм кьабгъэдэкІыу махуэшхуэмкІэ ехъуэхъуащ, узынщагъэ, мамырыгъэ, зэІуэзэпщыгъэ яІэмэ зэригуапэр яжриІащ. Ахэр Беслъэней къуажэм щыщ Агыржанокъуэ Мусэ, Московскэ посёлкэм щыпсэу Адзын Рэмэзан, Адыгэ-Хьэблэ къуажэм щыщ Цей Владимир, Черкесск щыпсэу Хэжь Рэмэзан сымэщ.

Меларди 100-м нэблагъэ

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и экономикэм иужьрей илъэсиблым сом меларди 100-м нэблагъэ халъхьащ. Ауэ щыхъукІи, федеральнэ программэхэм хуаутІыпщ ахьшэр зэрагъэмэщІам, щІыналъэм и энергетикэ лъэпщагъыр зэрыхуримыкъуэжым кьыхэкІыу нужь илъэситІым къалэжьхэм кІэрыхуащ.***

ЩЫЩІЭНЫГЪЭХЭР щыІэми, Адыгейм щыпхагъэкІыну проект зыбжанэм я фІыгъэкІэ зэман гъунэгъум инвестицэ мылъкуу нэхъыбэ хъалэрыхьэну щогугъ. Абыхэм ящыщщ щІыдагъэхэкІым щелэжь завод Тохъутэмыкъуей районым щыхуэныр, гипсхэкІхэр щагъэхьэзырыну заводыр, нэгъуэщІхэри.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал наградхэр тыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьыным къаруушхуэ зэрырахьэлІам икІи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Щыхь тхылъыр етыну

Бердюжэ Владимир Иван и къуэм - «Ленинцы» мэкъумэш кооперативым и тхьэмадэм

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и мэкъумэш хозяйствэм щыхьэ зиІэ и зэмыкІуэ» щІэ лъапІэр яфІэщыну

Сирота Владимир Григорий и къуэм - «Ленинцы» мэкъумэш кооперативым и инженерымухъуакІуэм

Тоток Марие Степан и пхъум - «Ленинцы» мэкъумэш кооперативым нэкульхэр щащІ и цехым и унафэщІым.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ 2014 гъэм мазаем и 19-м №54-УГ

Генерал Пилипчук Андрей

Хэкум и хъумакІуэм и махуэр щагъэтхьэпІэнум и пэ кьихуэу УФ-м и Президентым кьыдигъэкІа Указымкіэ ди лъахэгъу, Прохладнэ кьалэм щыщ Пилипчук Андрей Василий и къуэм къэрал кІуэцІ кьулыкьумкІэ генерал-майор цІэр кьыфІащащ.

Пилипчук Андрей мы зэманым Урысей Федерацэм Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ и министерствэм граждан жылагъуэмрэ щыхьэ хьыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэмрэ я ядэлэжьэныкІэ и управленэм и унафэщІщ.

КъБР-м щыІэ МВД-м и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Генеральнэ прокуратурэм

Іэтащхьэм къыбгъэдэкІ тыгъэ

ЩІЫНАЛЪЭ ЩІЫБЫГЪЭ ЗЭХЭЗЫХЬЫГЪЭМ И ЩІЫБЫГЪЭ ЗЭХЭЗЫХЬЫГЪЭМ ИЗ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм я лэжьакIуэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан IэнатIэм и кIуалыкIуэхм хэмыхьэхэр зыгъэзащIэхэм я улахуэм и Iуэхухэр» 2007 гъэм шыщхьэуIум и 8-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым кIыдигъэкIа Указ №55-УП-м зэхьэуэкIынигъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм я лэжьакIуэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан IэнатIэм и кIуалыкIуэхм хэмыхьэхэр зыгъэзащIэхэм я улахуэм и Iуэхухэр» 2007 гъэм шыщхьэуIум и 8-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым кIыдигъэкIа Указ №55-УП-м мы кIыкIэлыкIуэ зэхъуэкIынигъэхэр хэлъхьэн:

а) пункт 4-м и еханэ абзацыр зэхъуэкIын мы кIыкIэлыкIуэм хуэдэу зэрыт абзацкIэ:

«мазэ къэс хущIагъу ахьшэр:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лIыкIуэу Урысей Федерацэм и Президентым и деж зэпымыуэу щыIэм и Iуэхущ Iапи Iэм и лэжьакIуэхэм – мазэ улахуэу 11;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и адрей къэрал органхэмрэ абыхэм я аппаратхэмрэ я лэжьакIуэхэм - мазэ улахуэу 2;»;

б) пункт 7-м и етхуанэ абзацыр зэхъуэкIын мы кIыкIэлыкIуэм хуэдэу зэрыт абзацкIэ:

«мазэ къэс хущIагъу ахьшэр:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лIыкIуэу Урысей Федерацэм и Президентым и деж зэпымыуэу щыIэм - мазэ улахуэу 132-рэ;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и адрей къэрал органхэмрэ абыхэм я аппаратхэмрэ - мазэ улахуэу 24-рэ;».

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хуэгъэувын мы Указыр гъэзэщIэным текIуэдэну ахьшэр кIыхьэригъэзэщIыну.

3. Мы Указым кIару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ ихIи абы и кIарур ятохуэ 2014 гъэ щIышылэм и 1-м щегъэжьауэ зэтеуба хабзэ щытыкIэхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и кIалэнхэр пIальэкIэ зыгъэзащIэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм мазаем и 13-м
№51-УП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2014 гъэм мазаем и 17-м №49-рп

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм балъкъэр лъэпкъыр зэрырагъэкIэ илъэс 70 зэрырикъум теухуа фэеплъ дауэдапщэхэр щрагъэкIуэкIын папщIэ:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм балъкъэр лъэпкъыр зэрырагъэкIрэ илъэс 70 щрикъум теухуа фэеплъ дауэдапщэхэр щыгъэхьэзырыныр щегъэкIуэкIынымкIэ кьыззэгъэпэщакIуэ комитет къощтэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и комитетым зэхуэгъуэвын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм балъкъэр лъэпкъыр зэрырагъэкIрэ илъэс 70 щрикъум теухуа фэеплъ дауэдапщэхэр щыгъэхьэзырынымрэ щегъэкIуэкIынымкIэ къыззэгъэпэщакIуэ комитет къощтэн.

3. Унафэр зэрагъэзащIэм кIэлыплIыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Iым и къуэдзэ Фырэ Р. Б.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ
ХРАМОВ Константин

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2014 гъэм мазаем и 17-м кIыдигъэкIа Унафэ №49-рп-мкIэ къыщытащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм балъкъэр лъэпкъыр зэрырагъэкIрэ илъэс 70 щрикъум теухуа фэеплъ дауэдапщэхэр щыгъэхьэзырынымрэ щегъэкIуэкIынымкIэ къыззэгъэпэщакIуэ комитетым

хэтхэр

Фырэ Р. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэр *(къыззэгъэпэщакIуэ комитетым и тхьэмадэщ)*

Бешпаев С. У. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Дум Гражданыжьлагъэу Iуэхущ Iапи Iэхэм зегъэужьынымрэ щыхьум и хуитыныгъэхмкIэ щыIэ комиссэм жэуап зыхь и секретарыр *(зэгурыIуауэ)*

Васильев С. В. - къэрал лIыкIуэ Iуэхущ Iапи Iэм и министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэр *(зэгурыIуауэ)*

Емуз Н. Гъу. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъуджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ, щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министрыр

Капунников А. Д. - «Вече» урыс тхыдэмрэ щIихабзэмкIэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэр *(зэгурыIуауэ)*

КIэрэф М. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкIэ и министрыр

Къуэдзокъуэ М. М. - Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и кIалэнхэр зыгъэзащIэр *(зэгурыIуауэ)*

Къумахуэ М. Л. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ и министрыр

Малкаров А. А. - Iуащхьмахуэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

Минин В. П. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ Печатымрэ ЦIыхубэ коммуникацэхэмкIэ, и къэрал комитетым и Унафэщ Iым и къуэдзэр

Мусуков А. ТI. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьынигъэмкIэ и министрыр

Пэнагуэ М. А. – Тэрч муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

Рахаев А. И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЩэнхабзэмкIэ и комитетым и унафэщIыр, «ГъэзджэхэмкIэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институт» профессиональнэ щIэныгъэ нэхьыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Iуэхущ Iапи Iэм и ректор*(зэгурыIуауэ)*

Темиржанов М. У. - Щэрэдж муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

Хьэфыщ Iэ М. М. - «Къэбэрдей Адыгэ Хас» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэр *(зэгурыIуауэ)*

●Гъэзэгу къежьапIэ

Студентхэр куэдым щIоупщIэ

Хабзэ зэрыхьуам тету, КъБР-м и Парламентым иджыблагъэ щрагъэбдзэгъащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым тхыдэмкIэ и факультетым и студент гуп. Парламентаризмэр республикэм зэрыщыдэтеувам, ар нэхъ апэкIэ зэрылажьэу щыта хабзэхэм, законхэр къыддэзыгъэкI орган нэхъыщхьэм хабзэ мардэхэр гъэхьэзырыным ятеуухуауэ мы зэманым зэфIигъэкIхэм, нэгъуэщI куэдми хьэщIэхэр щыгъуазэ ищIащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ Саенко Татьянэ.

АБы ИУЖЬКIЭ студентхэр куэдым щIэупщIащ. КъБР-м и Парламентым и деж щыIэ ЩIалэгъуалэр палатэр кьыщыIэзэрагъэпэщам, абы кьыпэщыт кьалэнхэмрэ иIэ полномочиехэр зыхуэдэмрэ тепсэлыхьхащ а палатэм и унафэщI Джаппуев Мусэ, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и деж щыIэ ЩIалэгъуалэ парламентым и унафэщым и къуэдзэ **Нэзэрэн Бесльэн** сымэ. Абыхэм кьыхагъэщхьэхухIащ щIалэгъуалэ парламентыр абы хэтхэм я зэхэщIыкIымрэ зэфIэкIымрэ хэгъэхьуэнымкIэ хуабжьу сэбэп зэрыхьур.

КъБР-м и Парламентым ЩIалэгъуалэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, щыхубэ хьыбарегъащIэ IэнатIэхэм я IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI **Хьэщхьэжь Татьянэ** кьыхигъэщхьэхуэкIащ щIалэгъуалэ парламентым щенIуэкI лэжьыгъэр дэтхэнэми къэкIуэну зэманым кьыззэрыхущхьэпэнур, ауэ а зэкIыпIэр егупуу кьэгъэсэбэпын икIи зыхуэфащэ щIэныгъэхэр зэгъэгъуэтын зэрыхуейр.

ЗэIущIэм зыубгъуауэ щытепсэлыхьащ кьэралым иригъэкIуэкI щIалэгъуалэ политикэм, нэхь хэхауэ кьэбгъэльэгъуэмэ, хьэрычэт Iуэхум хэт щIалэгъуалэм защIэгъэнэхуэ-нымкIэ программэхэм, грантхэр къэхьынымкIэ конкурсхэр зэрырагъэкIуэкIым, IэщагъэлI ныбжьыщIэхэм я зэфIэкIым нэгъуэщI къэралхэм щыхагъэхьуэнымкIэ щыIэ хэкIыпIэхэм.

Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр зэрекIуэкIынум, ар кьыззэрызэрагъэпэщ кьэзэхэр ягъэткIиину зэрамурадым тепсэлыхьащ Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ комитетым и унафэщI **Дадэ МуIэед**. ЗэIущIэм апхуэдэу кьыщаIэтащ зэрыщыту егъэджэныгъэм и щытыIэр, егъэджакIуэхэм я Iуэху зыIутыр, еджакIуэхэм ирагъэгъуэт щIэныгъэр зыхуэдэр мис а псоми зэрелытар.

ЗэIущIэм и кIэухым хьэщIэхэм КъБР-м и Парламентым и унэр кьаплъыхьащ икIи депутатхэм ящыIыгуу фэеплъ сурэт зытрагьэхащ.

ОТАРОВЭ Фатимэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ Iапи Iэм и лэжьакIуэ.

ЛIы и ныбжьыр къызэрабжьыр ищIа Iуэхущ

Иджыблагъэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм Iуэху гуапэ щекIуэкIащ. Абхъазым и щхьэхунтщIыжакIуэхэм я зэгухьэныгъэу КъБР-м щыIэм и жэрдэмкIэ кьызэрагъэпэща зэIущIэм Абхъазым щекIуэкIа зауэм лIыхьжьыгъэ щызэзыхьа ди щIалэхэм я щIыбагъ кьыдэтхэу, лъэныкъуэ нуэдкIэ защIэзыгъэкьуэхэу Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокьуэ Хьэутий, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Хьэфыщ Iэ Мухьэмэд, КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин сымэ «Псэм и пэ - напэ» медалыр иратащ.

- ЗАУЭР увыIа кьудейуэ Нэхущ Заурбий, Аттаев Жэмал сымэ хэту зы гуп дыззэрыгъэхэри, Абхъазым дыкIуаеу щытащ зауэм и Iэ щыIэр зыхэIэба ди кьуэшхэм я Iуэху зытетым зыщыдгъэгъуэзэну, - ядогуашэ кьызэхуэсахэм Сэхъурокьуэр. - Адыгэр лIыгъэм зэи хуэхеIуэ щытакьым, абы и щыхьэтщ Кьуэмыдабхъаз зауэм зи щхьэр хэзыльхьа ди щIалэхэр, ахэр кьэмыльэнджэжу псэ кьабзэкIэ я кьуэшхэм ябгъэдэтын яхуэзэфIэкIащ. Фыщ Iэрэ щытхъуэ яхуэфащэц апхуэдэ бын зыгъэса адэ-анэхэм. Дэ ди лъэныкъуэкIэ тхуэзфIэкI мащIэмкIэ сыт щыгъуи зыфщIэдгъэкъуэну дыхьэзырц, - жиащ Сэхъурокьуэм.

«ЛIыхьжьхэ и лъэужь кIуэдыркъым» псалъэхьым и щыхьэтщ абхъазхэм ягъэкIуэкI лэжьыгъэр, абыхэм защIэзыгъэкьуэхэм ящыщу гулъытэнщэу зы унагъуи щыхуу закъуи кьагъанэркъым, зауэр зэриухрэ илъэс 20-м щигъуами, нобэми псэм и пэ напэр изыгъэща, кьакъуэуба дэтхэнэми фIыщIэ хуащI. Хуэпщ Iэр зыхъэзыщIыкIым нэхьыбжьым утрегъэгушхуэ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *триащ.*

Абхъазым и щхьэхунтщыжакIуэхэм я зэгухьэныгъэу КъБР-м щыIэм и тхьэмадэ Яхэгуаду Казбек *(ижькымкIэ етIуанэщ)* **медалхэр яритыжащ Сэхъурокьуэ Хьэутий, Хьэфыщ Iэ Мухьэмэд, Къумахуэ Мухьэдин сымэ.**

● КъБР-м и прокуратурэм

Сыт илъэсым кърикIуар?

КъБР-м и прокурым и къуэдзэ Махуэ Артур иригъэкIуэкIа зэIущIэм щыIэхалъхьжащ правовой статистикэмкIэ я кьудамэм иэнэабэ зэфIигъэкIахэр.

АБы щыIэпкърахащ правовой статистикэм и Iуэхум прокуратурэр зэрыхэтар, кьапщтэмэ, пэублэу ятх дэфтэрхэр республикэм и хабзэхьумэ Iэнатlэхэм зэрыщIэзэкIэльаехьымрэ зэрыщIэзэхуагъакIуэмрэ кIэлыплIыныр кьызэрыгъэзэрагъэпэщар.

Правовой статистикэмкIэ кьудамэмрэ кIэлыплIыплъкIуэ прокурорхэмрэ илъэс кIуам апхуэдэ ныкьуасныгъэу 5776-рэ кьахутащ. 5694-р щIэпхьаджагъэхэр зэратым, 82-р федеральнэ статистикэ кIэлыплIыныгъэр зэрабзыхуу щIыкIэм теухуащ.

Ныкьуасныгъэхэм ящыщу 1108-р республикэм следствэмкIэ и Iуэхущ Iапи Iэм, 4522-р КъБР-м щыIэ МВД-м, 72-р ФСКН-м и щIыналъэ кьудамэм, 5-р ФСБ-м и республикэ управленэм, 68-р УФССП-м и щIыпIэ Iэнатlэм, 1-р - Урысейм и МЧС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр Iуэхущ Iапи Iэм хуоз.

ЩIэпхьаджагъэхэр зыхуэдэр пэжу икIи нэгъэсауэ ирагъэтхьажащ папщIэ, кьэухьанэ хэм яхуэгъэзауэ тхыльэ 734-рэ ягъэхьэзыращ, зыхуэфащэ тхыгъэхэм хэплъа нэужь, щIыхь 83-рэ дисциплинэ жэуапым ирашэлIащ.

Правовой статистикэм и Iуэхур и чэзум зэрызэхуагъакIуэм, прокуратурэр зэрытемыплъэкьукIым и фIыгъэкIэ, а Iэнатlэм и зэфIэкIым проценти 116,1-м нэскIэ хэхьуащ.

Зэрыщыту кьапщтэмэ, правовой статистикэмкIэ кьудамэм и лэжьыгъэм арэзы укьинщIу кьалытащ.

ЗэIущIэм кьрикIуар щызэхалъхьэжьи, Iуэхущ Iапи Iэм щIэрыпIэ щащIащ кIэлыплIыныгъэр игъэлъэщыну, щIэпхьаджагъэхэм ятеухуа хьыбархэр щIIыуэ щатх кьамыгъэхьуну.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ Iапи Iэ.

● «Адыгэ псалъэ» газетыр илъэс 90 ирокъу

ГуфIэгъуэмрэ мыгъуагъэмрэ

ЗэгъэщIэныгъэхэм пытщинщ. ГъэщIэгъэнщ, ауэ ди яп итахэмрэ 70, 80 гъэхэм газет лэжьыгъэм ирыта дэрэ зы къупхьэм дыкьрагъэжьыкIам хуэдэу, зэщхь дызыщIи щыIэщ: партымрэ правительствэмрэ я унафэхэм щIыхуэхэр зэрапэдгъэджэжу щыта щIыкIэр. Псалъэм и хьэтыркIэ, КПСС-м и ЦК-м и Пленумым щащIа докладыр зытедгъэ номер дыдэм тетын хуейт абы щыгъэува кьалэн нихэр зэрыдАIыгъыр, я гуапэ зэрыхъуар, ежауэ ягъэзэщIну зэрыхъэзырыр кьыщыгъэлъэгъауэ щIыхуэхэхэм кьабгъэдэкI тхыгъэ щIыкIуэр. Ауэ ущу ирихьащи икIи ущуэжэжьи папщIэ, ящэщIыкIэ укьедэжи хуейтжь?

Дыхьэшхэм хъурт…

АУЭ ДЭ ди дежкIэ дыхьэшхэныр ди яп итахэм я дежкIэ ткIийуэ икIи дыхьэгъыу щытащ. Псом хуэмыдэу 1947 гъэр. Абы и накьыгъэм и 5-м кьыдэкIа «Къэбэрдей пэжым» дыкьышцоджэ «СССР-м и народнэ хозяйствэр зэфIэгъувжьынымрэ абы зегъэужьынымкIэ еIуанэ хъурая кьэмыр кьыдэгъэкIынымпапщIэ СССР-м и Министрхэм я Советым и унафэр». Ар кьыщыдэкIар накьыгъэм и 4-рщ, газетхэми традзэ кьудейщ, арщхьэкIэ КъАСР-м финансхэмкIэ и министерствэм хьыбар кьет: «Республикэм и гуащIэрыпсэухэм зыкьэIэтыныгъэ ин яхэлъу Iэ традзэ СССР-м и народнэ хозяйствэр зэфIэгъэувэжьынымрэ абы зегъэужьынымкIэ къэралым и етIуанэ заемым. Накьыгъэм и 4-м сыхьэт 23-м псори зыхимыбыдэ бжьыгъэ къатахэмкIэ республикэм Iэ тедза хуащ сом мелуан 15-рэ сом мин 987-кIэ, ар мэхьу бюджеткIэ ягъэувам и 67» (…) Мы Iуэхум теухуащ «ГуфIэгъэуэшхуэкIэ IущIахэщ», «Народнэ хозяйствэр зэфIэдгъэувэжьинщ», «Сом мин 45-кIэ Iэ традзащ», «ГуфIэгъэу митингр» тхыгъэ кIэщI щыкIухэрэ. Зэуэ ущу кьокI: дауэ хунэха? Ауэ абы и жэуапыр кьызэрыгуэкIщ: ищхьэкIэ кьыщыракъуэрэ, а унафэр гъэзэщIэн щIадащ кьэдкIэ нэхъ пасэу. НэгъэущIу жьпIэмэ, кьыдэмыкI щыкIэ…

Ауэ пэжу пIэрэ абы цIыхухэм апхуэдизу гукъыдэжьышхуэ кьаритар? Псом хуэмыдэу мыгъуэр си мыгъуа мэкъумэшыщIэхэм? Гу льыводжьэнтэщи, зауэ нэужь илъэсхэм ящыщу 1947 гъэр нэхъ хьэлъэу щытащ. КIыхь хьуа гьейм кьуажэдэхэм я кьарур щIихат, унагъуэхэм яшхьи яIэтэкъым. ЦIыхухъуэхэм цIыхубзхэри губгъуэм трудоденкIэ щылажьэрт. Зи нормэр зыгъэзащIэхэм хьэлIамэ псорэ хьэлIамэпсэр иратырт, абы пэмыльэщхэм ялыкьсыр хьэлIамэ ныкьуэт. ЦIыхубзхэм я нэхьыбэр жэщхэт. Лэжьыгъэм зэхиукIэ абыхэм дэрэжэгъуэ гуэри яхэлъыжтэкъым. ИтIанэ, сыт хуэдэ гукъыдэж иIэнт заемым Iэ тридзэн папщIэ, зи унащхьэм тель кьхъэщыныр кьрахьэхыу е я жэм закъуэр быным кьыЛуричу ящэну ирахуIа цIыху кьулейсызхэм? А зэманым зэрахьа залымыгъэмрэ щыIа гущIэгъуэншагъэмрэ теухуауэ дэ куэд кьытхуаIуэтэжащ ди нэхъыжьхэм.

Ауэ, зэрыгурыIуэгъуэщи, а псори ибгъуэтэнукъым «Къэбэрдей пэжым». ВКП(б)-м и Къэбэрдей обкомым и секретарь Мазин Николай «Газетыр массовэ-политическэ лэжьыгъэм и центр мыхьэнэгъуэ зиIэщи псалъащхьэм щIэту зи гугъу фхуэтщIыж номерым кьытригъэдза тхыгъэшхуэм кьыщыльэгъуахэм быдзу тету абы егъэзащIэ и пщэ дэль кьалэныр - «Ленинымрэ Сталинымрэ кьызэрагъэпэща икIи руководствэ зрат большевик печатыр щытщ ди кьэралым коммунизмэ щыухуэным щIэбэныныкIэ партым и Iэщэ льэщу».

Итэ ита илъэсхэм яхуэмыдэу, газетым увыпIэшхуэ щиубыдащ Печатым и махуэм. Ар, зи фIыщIэр, дауи, партым и нэхъ Iэщэ льэщ дыдэ, «Ленинскэ-Сталинскэ «Правда»-р илъэс 35-рэ зэрырикъуарт. «Къэбэрдей пэжым» тридзащ къэралым а я гъэт нэхьыщхьэм и кьэунэхуKам, кьежьэкIыкIам, мы зэманым зыбгъэкIыкI пэжым ягъэтха тхыгъэшхуэ. Ауэ абы кьызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, ЛенинымкIэ кьызэригъэпэща «Правда»-м и лэжьыгъэр революцэм иужькIэ зэфIэзыгъэувэжари зыунэтIари Сталинырц. Зыдумысыжьынщи, дэ ар тщIакъым, идкьыри дыщыгъуазэкъым и пэжьпIэм.

Печатым и махуэм ягъэпэжаэм ящыщщ Къэбэрдей АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и ЦIыхъ тхылыр зыхуагъэфэщахэу Агузар Мурадин Асльэндэрий и кьуэр - «Къэбэрдей пэж» газетым жэуап зыхь и секретарыр, Дол Iуес МатIэ и кьуэр - редакторыр, Дол Батырбий Курт гъуэкъуэ и кьуэр - промышленностымкIэ кьудамэм и унафэщIыр.

Идкьыри кьэс дызыхэпIа газет номерхэм дэ хэтлъэгъуакъым мыхьэмыщIагъэхэмрэ зэфIэмыхьэныгъэхэмрэ сэтей кьызыщI тхыгъэ. Зейм и унэцIэр щIэмыт мы тхыгъэ цIыкIум кьрекъуэ Красноармейскэ кьуажэм и изба-читальнэм и лэжьыгъэр. Зи гугъу ищI Iуэхущ Iапи Iэр нэхьыбэм зэхуэщIащ. Абы «журнал, литературэ зэыхуейхэр щыбгъэтэрыркьым, газетыщIэ зззэмызэ фIэкIа щыпIаГъуркъым. Й блынхэм плакат, лозунг хуэдэхэр кIэрылькъым. Ар дэнэ кьэна, изба-читальнэм кьыщIыхьэ колхозхэтхэм папщIэ щэнт, отIол хуэдэхэр щIэткIым. Iуэхур апхуэдэу щытми, ар зыкIи кьыфIэIуэхукъым кьуажэ советым и председатель Мамаевым».

ШАЛ Мухьэмэд.

●Хьыбарегъащ Iэ

СурэтхэмкIэ ирагъэцIыху

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIэр Интернетым фыкIэ щагъэIуи мурадкIэ, КъБР-м и Парламентым и деж щыIэ ЩIалэгъуалэ палатэм ирегъэкIуэкI сурэтхэм я «#КБР в Позитиве» зэпеуэ.

ЗэхьэзэхуэМ хэт хьунущ Урысей Федерацэм и цIыхуэхэу Instagram, Вконтакте, FaceBook социсетхэм аккаунт щызэIэхэр. Абы щIыхькIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым теухуа сурэтыр Интернетым иIыхьэн хуейщ 2014 гъэм гъатхэпэм и 30 хьуэ.

Лэжьыгъэхэм псоми тетыпхъэщ #КБР в Позитиве тегыр.

ЗэхьэзэхуэМ щытекIуэнур «like» кьэхьэбэ зыгъэгъуэва сурэтхэрщ.

БЛИЙ Даянэ.

«Адыгэ унэм» и хьэщІэщ УФ-м и Къэрал Думэм и Унафэщі Нарышкин Сергей.

Жириновский Владимир Олимпиадэм кірихьэлІащ. Абы бгъэдэтщ адыгэ модельер СтІащ Юрэ.

«Адыгэ унэм» и лэжьыгъэм адэкІи пищэнущ

Олимп мафІэр Сочэ щагъэункІыфІащ. Ящэкіэ ямыльэгъуауэ, гъэщІэгъуэну икіи зэщІэгъэуІуауэ екІуэкіа щыімахуэ Олимп зэхьэзэхуэр ныхащ. Піальэ кІэщкІэ зэхуащІыжащ Олимп паркым щыІэ «Адыгэ унэрэ». Ауэ тхьэмахуитІ нэхъ дэмыкІыу абы и бжэр хуэзІухьыжьынущ Паралимп зэпеуэм хэтынухэм.

ОЛИМПИАДЭР щекІуэкІа лъэхъэнэм кьриубыдэу абы щыізэблэжІащ Урысейм и щыналъэ эмылІуэжьыгъэхэм я лЫкІуэу, нэгъуэщі кьэралхэм къикІа туристу, журналистуми 40-м щигъу. Сочэ кьалэр зи адэжь щынальэ лъэпкым и тхьадэмрэ щэнхабзэмрэ зэзыгъэльагъуну зи нэ кьыхуикІэр махуэ псом зэхэкІыртэкъым. Апхуэдэу, Краснодар крайм и администрацэм и жэрдэмкІэ кьызэрагъэпэща мы щэнхабзэ проектым кууу щыгъуаэз защІащ Урысейм и Правительствэм и вице-премьер Козак Дмитрий, «Сочэ-2014» Олимпиадэм и кьызэгъэпэщакІуэ комитетым и президент Чернышенкэ Дмитрий, Краснодар крайм и губернатор Ткачев Александр, абы и япэ кьуэдзэ Хьэту Жамболэт, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьмадэ Сэхьурокъуэ Хьэутий, ЛДПР партым и пашэ Жириновскій Владимир, Сочэ кьалэм и Іэтащхьэм и кьуэдзэ Филонов Виктор, Адыгэ Республикэм щэнхабзэмкІэ и министр Кьул Мухьэмэд, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щэнхабзэмкІэ и министр Ябгэжьыкъуэ Уэлий, Адыгэ Республикэм спортымкІэ и министр Хьэсанэ Мурат, КъБР-м спортымкІэ и министр АфІэунэ Аслъэн, Краснодар крайм, Адыгэ Республикэм я кьалэхэмрэ районхэмрэ я администрацэхэм я Іэтащхьэхэр.

«Адыгэ унэм» и хьэщІэщым шапсыгъхэм я тхьэмадэхэр щопсальэ АР-м и премьер-министр КІумпІыл Мурат.

Псом хуэмыдэу хьэщІэхэр куэду щыташ Олимпиадэм и кІэух махуэхэм.

- Мы псори ипэжьипІэкІэ зэгуэр кьагъэсэбэпу щыта-хэм ящыщ? - фІэгъэщІэгъуэну щІэупщІащ Къэрал Думэм и спикер Нарышкин Сергей, «Адыгэ унэм» кьыщызэІуаха экспозицэм щеплым. Адыгэ Республикэм и Льэпкь музей-мрэ Сочэ кьалэм и тхыдэмкІэ музеймрэ я лэжьакІуэхэм ягъэхьэзыра гъэльэгъуэныгъэр хиубыдэу утыку кьраль.кьат адыгэхэм я фащэхэр, абыхэм кьагъэсэбэпу щыта хьэпшып зэмылІэужьыгъуэхэр, археологхэм кьагъуэта хьугъуэфІыгъуэхэр. Псом хуэмыдэу Москва щыщ хьэщІэхэм гъэщІэгъуэн ящыІэхуащ адыгэхэм я лъэпкь дамыгъэхэр. Ахэр идъэс куэдкІэ зэхуахьэсащ Лазаревскэ кьалэм дэт этнографие музейм и щІэныгъэ лэжьакІуэхэм.

«Адыгэ унэм» и хьэщІэщым Нарышкин Сергей щахуэзащ шапсыгъ жылагъуэхэм кьикІа нэхъыжьхьэм, апхуэдэу тенджызэ ФІыцІэм Іус адыгэхэм я жылагъуэ парламентым и лЫкІуэхэм. ХьэщІэр тепсэлъыхьащ Сочэ кьалэм и зыужьныгъэм, Олимпиадэм и екІуэкІыкІэм, апхуэдэу мы щІыналъэм ижь-ижьыж льандэрэ щыпсэу лъэпкым и бзэмрэ щэнхабзэмрэ зэрыхьумапхьэм.

«Адыгэ унэ» проектыр кьызэрыщыхьуар, адыгэхэм я тхыдэ, щэнхабзэ хьугъуэфІыгъуэхэр зэпымыууэ хэІущІыІу щІыпхьэу кьызэрильытэр нэхъыжьхэм яхуиІуэтащ Адыгэ Республикэм и премьер-министр КІумпІыл Мурати. Ар «Шапсыгъ» цІыхубэ ансамблымрэ Адыгей кьэрал университетым и «Нарт» кьэфакІуэ гупымрэ я концертым епльа нэужь музейр кьызэхикІухьащ, итІанэ хьэщІэщым щеблэгъащ.

- Краснодар крайм игъэхьэзыра мы щэнхабзэ проектым зэфІэкІышхуэ кьагъэльагъуэу хэлэжьыхьащ ди республикэм и творческэ гупхэри, - кьыхигъэщхьэхукІащ абы. - Абы икъукІэ куэдым урегъэгупсыс. Дэ псоми ди кьалэныр зэтехуэрт - ар Олимпиадэр хьэщІэхэм папщІэ гъэщІэгъуэну егъэкІуэкІыныр, абы кьрихьэлІахэм адыгэ лъэпкъыр зэщІыксыр егъэльагъуныр, Урысейм и кьарум и хэкІыпІэр абы ис лъэпкьхэм я зэкъуэтыныгъэр арауэ зэрыщытыр наІуэ ящыщІыныр.

«Адыгэ унэм» и лэжьыгъэм пищэнущ Паралимпиадэр кьыщызэІуах махуэм - гъатхэпэм и 6-м щыщІэдзауэ.

НЫБЭ Анзор.

«Адыгэ унэм» щызэхуэзащ Тохъутэмыкъуей районым и кьуажэхэм я адыгэ унафэщІхэр.

Тхьэмадэхэм уэркъ къафэ ягъэзащІэ

XXII ЩІымахуэ Олимп Джэгухэр ди къэралым исхэм я дежкІэ Іутыжщ, я пщІэр зыІэтщ. Ар нэрыльагъущ Сочэ кьикІ хьыбархэм псори зэрыщыгуфІыкІымкІэ. Іуэхум нэхъ цІыкІу дыдэхэри кьыхэмыхьэикІэ Іэмал иІэкъым. Апхуэдэу Налшык кьалэм и сабий сад №40-м гуфІэгъуэ зэхьихьэ щекІуэкІащ. ЩыкІухэм яхуеблэгъащ Спортым и ветерانхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ, СССР-м спортымкІэ и мастер (бэнэкІэмкІэ) Къуэдзокъуэ Анатолэ, СССР-м щыгъажэ спортымкІэ и чемпион куэдрэ хьуа Къунижь Мухьэрбий, спортым атлетикэ хьэлъмкІэ и мастер, КІИФЩІ-м и чемпион, щыхьхьуэм я Урысей чемпионатым пащэ щыхьуа Іэнщэ Руслан сымэ.

ДАУИ, цІыкІури инри а махуэм зытепсэлъыхьар спортырщ, абы ехъулІэныгъэ къыпхуихьым кьыдэкІуэу, узыншагъэри зэрыригъэфІакІуэрщ. Сабийхэр зыгъаэсэ Середа Татьянэ цІыкІухэм яригъэщІат Сочэ щекІуэкІ Олимп Джэгухэм хэт ди спортсменхэм я Іуэхур зэрыдаІыгъ уэсэ кІэщІ цІыкІуур. Псори зэдежьуэ «Укъимыкіуэт, Урысей!» псалъэхэр абыхэм зэдыжаІащ. Спортсмен нэхъыжьхэм уэркъ къафэри абыхэм дамыгъэзэщІауэ яутыпщыжакъым.

- Сыт щыгъуи, ди лэжьыгъэр гъэщІэгъуэну зэредгъэкІуэкІынум дыпылъщ. ЦІыкІухэм дакІэлъыплъ къудей мыхъуу, ахэр ди цІыху цІэрыІуэхэм щІэхщІэхыурэ яхудогъазэ, зыдогъуэжь - лъэпкъым и кьуэпажэхэр яцІыхуу ахэр къэгьтэджын хуейщ. Ди гъэсапІэм зи сабий къезышалІэ дэтхэнэ адэ-анэмэ фІыщІэ яхуэощІ, сыт худэ Іуэхукіи гугъу зыкьызэрыддрагъэхьым щхьэкІэ, - жеІэ Середа Татьянэ.

Хэхупсэу щІэблэр зэригъасэм папщІэ, Налшык кьалэм и спорт комитетым кьыбгъэдэкІыу цІыхубзым щІыхь тхыль иратащ. Махуэр нэхъ гукъинэ зыщІыну сурэти псори зэхэту зытрагъэхащ, ятьгъуамрэ зэхахамкІэ арэзыуэ нэхъыжьхэр зэбгрыкІыжащ.

БАГЪЭТЫР Луиз.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

КІэлъыгъэхуабэ хуащІ

Налшык и зыгъэпсэхупІэм, ХьэтІохъущокъуэм и жыг хадэм, мазаем и 23-м щІалэгъуалэр щызэхуэсат XXII ЩІымахуэ Олимп Джэгухэм зэрыригушхуэр ягъэлъэгъуэну. Ар кьызэригъэпэщащ КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министерствэм. Мы Іуэхум хэтащ еджапІэ нэхъыщхьэхэм щІэс щІалэгъуалэр, школакІуэхэр, абыхэм я адэ-анэхэм, адэшхуэ-анэшхуэхэм ящыщхэр.

КЪУЗЗЭХУЭСАХЭМ пщэдджыжь зарядкэ ящІащ, ныпхэр яІыгъыу кьэфащ, уэрэд жаІащ. ЗэІущІэм хэтащ Олимпиадэм и дамыгъэ тхьэкІуэмэкІыхьыш, щомыщым, мыщэм я тепльэхэм хуэдэу зызыхуэпахэр.

Зэхьихьахэм ягъэлъэпІащ Хэкум и хъумакІуэм и махуэри. Зауэм теухуа уэрэдхэр ягъэзэщІащ. Абы и щІыхькІэ щІалэгъуалэм гупитІу загуэшри страйкболымкІэ зэхьхьэзэхуащ. ТекІуахэм ираташ саугъэтхэр.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Сурэтхэр **Мамий Руслан** *трихащ.*

ЩІалэр цІыкІу щІыкІэ ягъасэ

Налшык дэт «Берёзка» сабий гъэсапІэм мазаем и 18-м «ЩІымахуэ Олимп Джэгу цІыкІухэр» гъэщІэгъуэну щрагъэкІуэкІащ. Къыхэгъэщыпхъэщ, сабийхэр зышІэс пэщкіи я щыгъынкіи а Іуэхум хуэщІауэ зэрыщытым кьицынэмыщІауэ, «Джэгу цІыкІухэр» кьыщызэІуахым урысыбзэм дэщІыгъуэ адыгэбзэкІэ уэсэхэр гъэхуауэ ныбжьыщІэхэр кьыхэзэреджар гуапэ зэрытщытхъуар.

ХАБЗЭМ зэрытету, Олимпиадэр кьызэІуахащ, цІыкІухэм чэзуэ мафІэр зэІэпахыуРэ Олимп фальэм щыпагъанэри, джэгухэр кьызэрызэІуахам и щІыхькІэ Іэпкъльэпкьыр зэщІэзыгъэкІ, гукъыдэжьр кьэзыІэт кьафэ ныбжьыщІэхэм ягъэзэщІащ. АдэкІэ гъэсапІэм и гуп нэхъыжьымрэ школым щыхуагъэхьэзыр гупым щІэс цІыкІухэмрэ хэту зэхагъэщхьэхукІа гупитІыр утыкум кьрагъэблэгъащ. «Вагъуэ», «Факел» гупхэр зэпеуэм хуэхьэзырт.

Ящэу Іэжьэкіэ кьэжэнкІэ зэпеуащ. Пщащэхэр щхьэхуэу, щІалэхэр щхьэхуэу кьыщызэджэм, «Факел» гупым хэтхэр нэхъапэ кьэсащ. Ешашахэм загьэпсэхуху «Австралием кьикІа хьэщІэхэр» кьрагъэблагъэри, кьагъэфащ, абы нужь, кьаруущІэ зэзыгъэпэщыжа цІыкІухэр пъэрыжэкІэ зэдэжащ. Мы джэгукІэ лІэужьыгъуэри «Факел»-м кьыхьат. «Вагъуэ» гупым щыщ цІыкІухэм къэнэщхъея яхэттэкъым, ауэ зэпеуэр щІэгъэхуэбжьэн, кьаруухэр кьызэщІэкъуэжьн зэрыхуейр кьагурыІуэрти, гъунэгъуэм яхуехъуэпсэкІи кьахэкІырт. КьыкІэтыкІуэу «Америкэм кьикІа хьэщІэхэр» кьахуеблэгъати, США-м я лъэпкъ макъамэкІэ гъэпса уэрэдым пкІатэльатэу кьыдэфащ.

/Іыгъэншэр хоккей мыджэгуу жаІэмэ, «Берёзка» сабий гъэсапІэм лІыгъэншэ зэрыщІэмысыр нэрыльагъу пщищІырт кьыкІэтыкІуэ зэпеуэм. Я кьару емыблэжу ныбжьыщІэ цІыкІухэм Іэзэу гъуэм шайбзхэр дагъэкІыурэ ипэкІэ зэрыхэнам «къызэщІигьапльэу» зи кьару кьызэкъуэзыха «Вагъуэ» гупыр мыбы щытекІуащ.

КъыкІэтыкІуэу, адыгэм и лІыгъэ щагъэнаІуэу щыта КІапсэзэпекъу, пыІэзэфІэхь джэгукІэхэри я зэпеуэм хагъахьэри, щІалэм я нэхъ бланэхэр «Вагъуэ» гупым хэту кьыщІэкІащ.

Зэпеуэм кьрикІуахэр кьапщытэжри, гупитІми медалхэр ратащ, езы цІыкІухэми зэрыжаІащи, Олимп ІыкІыжьыр гъэсапІэм кьыщожьэ.

«ЩІымахуэ Олимп Джэгу цІыкІухэр» щызэхуащІыжьым пъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм я фащэхэр, ди къэралым, республикэм я ныпхэр, адыгэ бэракъыр пъагэу Іэтауэ утыкум кьиха ныбжьыщІэ цІыкІухэм уи гур хамыгъэхъуэнкІэ Іэмал иІэтэкъым. «Шэхур хуабэ щІыкІэ яхуз, щІалэр цІыкІу щІыкІэ ягъасэ» - жеІэ адыгэм, апхуэдэ щІыкІэкІэ пъэпкъ зэныбжьэгъуитъэм и жылэр зи гущІэм щыхасэ ныбжьыщІэхэм гугъэфІ уагъэщІ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

ФІыкІэ, Сочэ-2014! ФІэхъус, Пхёнчхан-2018!

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

Зэрыхабзэти, ди цІыхухъухэм текІэныгъэм хэлъхьэныгъэ нэхъыбэ хуащІащ. Абыхэм я закъуэу медаль 20 кьахьащ: 10-р дыщэу, 6-р дыжьыну, 4-р жэзу. ЦІыхубзхэм ядэщІыгъуу иджыри медалитху зыІэрагъэхьащ (дыщэрэ дыжьыну - тІурытІ, жэзу - 4).

Гукьеуэ кьыдэзыта хоккей

ЦІыхухъухэм хоккеймкІэ я зэпеуэм щытекІуэм Олимпиадэр кьихьауэ ябж. Дэри куэдкІэ дашыгугъащ ди щІалэхэм. Арщхьэкіэ фІыуэ зыкъагъэлъэгъуэн папщІэ Іэмал псори зрата Урысейм и хоккеистхэм щхьэпэльагэу Сочэ къэкІуащ, я теплъэ кьудейм я хьэрхуэрэгъу псори щІигъэпхьуэжьи я гугъэр. Ауэ дэнэ?!

Хэгъэрейхэм хьэрхуэрэгъу кьаухуэхьуаэр кьару тІуащІэкІэ кьапэщІэуващ икІи кьикІуэтыну я мурадакъым. Америкэм и Штат Зэгуэтхэр ди щІалэхэм гуп зэхьэзэхуэм кьащефІэкІащ, Словакием зэрытекІуэфар баллитІкІэщ.

Финалым и Іыхъэ плІанэм зыпэщІэхуа финнхэм псынщІэу яп ищат. Арщхьэкіэ я хьэрхуэрэгъар абы игъэдзыкъым икІи шайбищкІэ жэуап кьаритыжри, Урысей Федерацэр медальншэу кьигъэнащ.

Цыхухъухэм (цІыхубзхэми хуэдэу) хоккеймкІэ я зэпеуэм дыщэ медалхэр кьыщихьащ Канадэм. Абы Швецием 3:0-у финалым щыхигъэщащ.

Ан Викторрэ Уайлд Викрэ

Иджыри кьэс Кореемрэ США-мрэ щыпсэуа Ан Хён Сурэ (къэІэпхьуа иужькІэ «Виктор» зыфІищажащ) Виктор Айван Уайлдрэ Урысей Федерацэм и щІыхьыр ХХІІ ЩІымахуэ Олимп Джэгухэм щахьумфын папщІэ 2011 гъэм и кІэуэхым гражданствэ тІуащІэ кьратащ. Урысейм щІагъэуэ зыщІэзымыдужьа шортрекымрэ сноубордымкІэ абыхэм дыкъыдахыжьын хуейт. Апхуэдэуи кьэхьащ. Ан Виктор дыщэ медалу щырэ зы жэзрэ кьытхуихьащ, Вик Уайлд тІэунейрэ Олимп чемпион хьуащ. Ахэр хэмытамэ, официальнэу щымыт командэ зэпеуэм Урысей Федерацэм кьыщихьыфынур еплІанэ увыпІэрат.

2011 гъэр нухьыкІэ Ан Хён Су Кореем и щІыхьыр екъулІэныгъэкІэ ихьумащ, 2006 гъэм Турин (Италие) щекІуэкІа Олимпиадэ хужьым, иджыри хуэдэу, абы дыщэ медалищрэ зы жэзрэ кьыщихьащ. КьыщынэмыщІауэ, тхуэнейрэ дунейпсо чемпион хьуащ. Арщхьэкіэ 2010 гъэм Ванкувер (Канадэ) щыІа Олимпиадэм кІуа Кореем и гуп кьыхэхам хагъэхьакъым. Ар зи жагъуэ хьуа Ан мыгувэу Урысейм и цІыху хьуащ икІи шорт-трекымкІэ зыри зыпэмыльэща льагаПэм нэсащ: псори зэхэту хэнейрэ Олимп чемпион хьуащ. Иджы Кореем и унафэщІхэр я Іэфракіэм нэсыжьркъым икІи апхуэдэ спортсмен льэрыгъехьэм хэкур щІибгынам и щхьэусыгъуэр зэхагъэкІ. Хэт ищІэн кьыкІэльыкІуэу я кьэралым щекІуэкІыну Олимпиадэ хужьым Ан аргуэру кореехэм я щІыхьыр щихъумэкІэ хьунщ?!

Виктор Айван Уайлд и Іуэхур кьызэрекІуэкІар изгъэущІуц. Ар США-м кьищынэмыщІа,ديمبر щыІэрыІуэтэкъым икІи щалъха хэкур кьыщыгугъыщэртэкъым. Апхуэдэу щыхъум, сноубордисткэ Заварзинэ Алёнэ щхьэгъуэ ищІри, Урысейм и цІыху хьуащ икІи ХХІІ ЩІымахуэ Олимп Джэгухэм хэтыну Іэмал иГуэтащ. КІэрикІуари нэрылъагъуащ.

Олимп лІыхъужьхэр

Ижь-ижьыж лъандэрэ пщІэ хэха хуащІу къокІуэкІ Олимп Джэгухэм куэдрэ щытекІуэхэм. Тхыдэм дриплъэжмэ, апхуэдэхэр мащІэкъым.



Фелпс Майкл

Олимпиадэ псоми (гъэмахуэми щІымахуэми) медаль нэхъыбэ дыдэ къыщызыхьар псым ёсынымкІэ США-м и командэ къыхэхам хэт Фелпс Майклщ. Абы олимп медаль 19 иІэщ: дыщэу 15, дыжьынрэ жэзу тІурытІ. Ахэр Олимп Джэгухэу щым щызыІэригъэхьащ: Афины-2004-м - 8 (6 - 0 - 2), Пекин-2008-м - 8 (псори дыщэу), Лондон-2012-м - 3 (1 - 2 - 0).

Латынинэ Ларисэ

Фелпс 2012 гъэм кьыщхэщыкІын и пэкІэ олимп медаль нэхъыбэ дыдэ зиІар Украинэм кьыщалъхуа совет гимнастэ щІэрыІуэ Латынинэ Ларисэщ. Ахэр 18 хьурт. Латынинэр 1956, 1960, 1964 гъэхэм бгъэнейрэ Олимп чемпион хьуащ, тхуэ дыжьыныр, плІэ жэзыр кьихьащ. КъищынэмыщІауэ, дуней псоми Европэми куэдрэ щытекІуащ.

Ан Виктор

Третьяков Александр

Уайлд Вик

Сотниковэ Аделинэ

Щымахуэ Олимп Джэгухэм щынэхъыфІахэр

Дызытепсэлъыхь Олимпиадэ хужьхэм я лІыхъужьхэр щхьэхуэу къапщтэмэ, ахэри узэрыгушхуэнщ.

Бьёрндален Уле-Эйнар

Сочэ щекІуэкІа Олимпиадэм дыщэ медалитІ къыщихьащ Норвегием щыщ биатлонист цІэрыІуэ ильэс плІыщ(І) зи ныбжь Бьёрндален Уле-Эйнар. Щымахуэ Олимп Джэгухэм абы нэхъыбэрэ щытекІуа щыІэкъым. Бьёрндален псори зэхэту олимп медаль 13 (8-р дыщэу) иІэщ. 1998 гъэм щыщІэдзауэ абы къыпэльэщын къэгъуэтыгъуэйщ. Солт-Лейк-Сити (2002 гъэ) щекІуэкІа Олимпиадэм биатлонымкІэ щекІуэкІа зэхьэзэхуэ лІэужьыгъуэиплми Бьёрндален щытекІуащ. КъищынэмыщІауэ, ар 19-рэ дуней псом и чемпион хьуащ.

Скобликовэ Лидие

Лъэрыжэкіэ къыздэсэнымкІэ Олимп Джэгухэм щекІуэкІа зэхьэзэхуэхэм хэнейрэ щытекІуа Скобликовэ Лидие къыпэхъун ди къэралым къыщыхъуакъым. 1960 гъэм кьихьа дыщэ медалитІым абы, ильэсиплІ дэкІри, дыщІигъуащ Инсбрук щыІа Олимпиадэм плІэнейрэ и чемпион зэрыщыхъуар.

Урысейм щыщ чемпионхэр

Мазаем и 9-м

Плющенкэ Евгений, Липницкая Юлие, Ильиных Еленэ / Кацалапов Никитэ, Волосожар Татьянэ / Траньков Максим, Столбовэ Ксение / Климов Фёдор, Бобровэ Екатеринэ / Соловьёв Дмитрий (лъэрыжэкІэ фигурнэу къажыхьныжмкІэ гуп зэпеуэ)

Олимпиадэхэм яп дыдэу щрагъэкІуэкІа фигурнэу лъэрыжэкІэ къэжыхьныжмкІэ гуп зэпеуэм Урысей Федерацэм и командэ кьыхэхар щытекІуащ. ЕтІуанэ увыпІэр зыубыда Канадэм и фигуристхэм ар очкои 10-кІэ ефІэкІащ.

Мазаем и 12-м

Волосожар Татьянэрэ Траньков Максимрэ (зэгъусэу лъэрыжэкІэ фигурнэу къэжыхьныр)

Сочэ Олимпиадэм тІэунейрэ и чемпион хьуащ Волосожаррэ Траньковымрэ. Абыхэм къакІэлъыкІуащ дыжьныр зыпыьыса Столбовэ Ксениерэ Климов Фёдоррэ. Хьэпэмэтраци, ильэсиплІ и пэкІэ Ванкувер щыІа Олимпиадэ хужьым Волосожаррэ Траньковымрэ етхуанэ, еханэ щыхъуауэ арат икІи къэрал зырызым (Татьянэ - Украинэм) я щІыхьыр яхъумащ.

Мазаем и 15-м

Ан Виктор (шорт-трек, метр 1000)

Урысей Федерацэм и щІыхьыр зыхъума Ан Виктор псоми къатэжащ. Абы къыкІэлъыкІуащ Григорьев Владимир. Нэхъапэ іуэкІэ, мазаем и 10-м, Ан жэз медалыр метр 1500-р кьыщажьым къихьащ.

Мазаем и 15-м

Третьяков Александр (скелетон)

СкелетонымкІэ Урысей Федерацэм и яп дыщэ медалыр Олимп Джэгухэм къыщихьащ Третьяков Александр. ЗэдэжэгъуиплІым кърикІуахэмкІэ ар псоми ефІэкІащ. ИльэсиплІ и пэкІэ абы Ванкувер къыщихьар жэз медалрат.

Мазаем и 17-м

Зубков Александррэ Воеводэ Алексейрэ (бобслей)

ЦыхуитІ зэрыс экипажхэм я зэпеуэм Зубковымрэ Воеводэрэ щытекІуащ. Абыхэм я зэгурымыІуэныгъэр лъэныкъуэ ирагъэзэри, къэралым дыщэ медалхэр кьыхуахьащ.

Мазаем и 19-м

Уайлд Вик (сноуборд, я закъуэу кьыщыжэм)

Яп зэдэжэгъуэм секундым и 0,54-нэ Іыхьэкіэ Швейцарием къикІа Гальмарини кьытехэа пэтми, етІуанэм секундитІым щІигъэкІэ абы ефІэкІыжри, дыщэр кьыІэщІихащ. А махуэ дыдэм Уайлд и щхьэгъусэ Заварзинэ Алёнэ сноубордымкІэ цІыхубзхэм я зэпеуэм Урысейм жэз медалыр кьыщыхуихьащ.

Мазаем и 20-м

Сотниковэ Аделинэ (лъэрыжэкІэ фигурнэу къэжыхьныжмкІэ цІыхубзхэм я щхьэзакъуэ зэпеуэ)

Олимпиадэхэм зэи кьыщымыхъуауэ, ди къэралым щыщ фигуристкэм цІыхубзхэм я щхьэзакъуэ зэпеуэм дыщэ медалыр кьыщихьащ. Абы кьызэринэкІыфащ Ванкувер щытекІуа Ким Юнэ.

Мазаем и 21-м

Ан Виктор (шорт-трек, метр 500)

Тхьэмахуэ и пэкІэ метр 1000-р кьыщажьым зэрыщытекІуам иджыри зы дыщэ медаль Ан Виктор къыщигъужащ. Апхуэдэ щыкІэкІэ, шорт-трекым и зэпеуэ лІэужьыгъуэ псоми ар Олимп Джэгухэм щынэхъыфІащ. Кореем хэту - метр 1000-м, 1500-м, эстафетэ метр 5000-м, Урысейм папщІэ - метр 500-мрэ 1000-мрэ.

Мазаем и 21-м

Ан Виктор, Елистратов Семён, Григорьев Владимир, Захаров Руслан (шорт-трек, эстафетэ)

Сыхьэт нэхъ дэмыкІыу Ан Виктор аргуэру дыщэ медаль Урысейм кьыхуихьащ. Аращ зи фІыгъэр ди къэралым и командэ кьыхэхар эстафетэм зэрыщытекІуар.

Мазаем и 22-м

Уайлд Вик (сноуборд, кьыщыхэдзэжэм)

ЕтІуанэ дыщэ медалыр и хэхущІэми езыми кьахуихьащ Уайлд Вик. Секундым и 0,12-нэ Іыхьэкіэ ар Словением и лІыкІуэм ефІэкІащ.

Мазаем и 22-м

Волков Алексей, Устюгов Евгений, Малышкэ Дмитрий, Шипулин Антон (биатлон, эстафетэ)

Дэтхэнэми километри 7,5-рэ кьыщижа биатлонымкІэ эстафетэм псынщІагъкІи нэщанэ еуэнкІи ди щІалэхэм кьащыщІэлъэщын кьыхэкІакъым. 1988 гъэ лъандэрэ апхуэдэ екъулІэныгъэ ди къэралым иІакъым.

Мазаем и 23-м

Легков Александр (лыжэкІэ къыздэжэн, километр 50)

Урысей Федерацэм икІахэм увыпІэ нэхъыфІищри яубыдащ. Абы Іэмал кьытащ Олимпиадэм кьыщахьа медалхэмкІэ официальнэу щымыт командэ зэпеуэм ди къэралыр Норвегием щыщкьэщыкІынщ.

Мазаем и 23-м

Зубков Александр, Негодайлэ Алексей, Труненков Дмитрий, Воеводэ Алексей (бобслей)

ЦыхуитІ зэрыс экипажхэм я зэпеуэм дыщэ медалхэр ди щІалэхэм кьыщахьащ. Зубковымрэ Воеводэрэ я дежкІэ ар Сочэ щыетІуанэщ.

Дыщэ къытхуэзыхьахэр

УнэцІэр	Бжыгъэр	Спорт лІэужьыгъуэр
1. АН Виктор	3	шорт-трек
2. ВОЕВОДЭ Алексей	2	бобслей
3. ВОЛОСОЖАР Татьянэ	2	лъэрыжэкІэ фигурнэу къэжыхьын
4. ЗУБКОВ Александр	2	бобслей
5. ТРАНЬКОВ Максим	2	лъэрыжэкІэ фигурнэу къэжыхьын
6. УАЙЛД Вик	2	сноуборд
7. БОБРОВЭ Екатеринэ	1	лъэрыжэкІэ фигурнэу къэжыхьын
8. ВОЛКОВ Алексей	1	биатлон
9. ГРИГОРЬЕВ Владимир	1	шорт-трек
10. ЕЛИСТРАТОВ Семён	1	шорт-трек
11. ЗАХАРОВ Руслан	1	шорт-трек
12. ИЛЬИНЫХ Еленэ	1	лъэрыжэкІэ фигурнэу къэжыхьын
13. КАЦАЛАПОВ Никитэ	1	лъэрыжэкІэ фигурнэу къэжыхьын
14. КЛИМОВ Фёдор	1	лъэрыжэкІэ фигурнэу къэжыхьын
15. ЛЕГКОВ Александр	1	лыжэхэр
16. ЛИПНИЦКАЯ Юлие	1	лъэрыжэкІэ фигурнэу къэжыхьын
17. МАЛЫШКЭ Дмитрий	1	биатлон
18. НЕГОДАЙЛЭ Алексей	1	бобслей
19. ПЛЮЩЕНКЭ Евгений	1	лъэрыжэкІэ фигурнэу къэжыхьын
20. СОЛОВЬЁВ Дмитрий	1	лъэрыжэкІэ фигурнэу къэжыхьын
21. СОТНИКОВЭ Аделинэ	1	лъэрыжэкІэ фигурнэу къэжыхьын
22. СТОЛБОВЭ Ксение	1	лъэрыжэкІэ фигурнэу къэжыхьын
23. ТРЕТЬЯКОВ Александр	1	скелетон
24. ТРУНЕНКОВ Дмитрий	1	бобслей
25. УСТЮГОВ Евгений	1	биатлон
26. ШИПУЛИН Антон	1	биатлон

Олимпиадэр зэхуащІыжыным къэнэжар дакъикъэ бжыгъэщ.
2014 гъэ, мазаем и 23. «Фышт» стадион

Дызэрыгушхуэн диІэщ адыгэхэми



Къэрал куэдым я щІыхьыр яхъумэурэ къокІуэкІ адыгэхэр. Олимп Джэгухэм ди лъэпкъэгъу зыбжанэ чемпион щыхъуащ. Абыхэм къахожаныкІ бэнакІуэхэр.

Къаплъэн (КІыкІы) Хьэмид

Тыркум хыхьэ Хьэмэмозу адыгэ къуажэм къыщалъхуа Къаплъэн (КІыкІы) Хьэмид 1956 гъэм Медьбурн щыІэхэта XVI Олимп Джэгухэм я чемпион щыхъуащ. КъыкІэлъыкІуэ Олимпиадэхэм абы дыжьынымрэ (Рим) жэзымрэ (Токио) къыщыцІигъужащ.

Къаплъэн Хьэмид и цІэр дыщэ хьэрфхэмкІэ дунейпсо спортым и тхыдэм иратащ. Тыркум пщІэнейрэ и чемпион адыгэ щІалэм щыбанэ алэрыбгъур щибгынар и ныбжьыр илъэс 35-рэ хъуауэщ.

Тхыгъэхэр зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Заурбэчщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЩІЭ Мухьэмэд

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкІымыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, НэщІэныдэж Замир, Хьэжыкьарэ Алик, ЩхьэщэмыщІ Изэ.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІхэм я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 5.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Іуэхущапхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хьыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущапхэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэныту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ и щІэ дэльщ КъБР-м федеральнэ пошт эныщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хунтыныгъэр хьумэныжмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущапхэм №Н-0065-м щІэту итхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарь Гъурыжь Мадинэ, редактору Щоджэн Іэминат, корректорхэу Щоджэн Заирэ *(1, 4-нэ нап.)*, Мырзэкъан ФатІимэ *(2, 3-нэ нап.)*. *КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* Ныр Сандэ, Мэлбахьуэ Анжелэ, *сурэттехым елэжьар* Бицу Жанэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэ»-м и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 • Тираж 4.766 • Заказ №358